Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 15 (7416)
16 Апрель 2020 сон
АрбагI
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Уважаемые граждане Унцукульского района!

**В целях предупреждения распространения коронавирусной инфекции действует режим повышенной готовности. Для сохранения вашего здоровья и здоровья ваших близких призываем вас оставаться дома и соблюдать режим самоизоляции. Максимально ограничьте контакты и пользование общественным транспортом. Избегайте нахождения в местах массового пребывания людей. Соблюдайте социальную дистанцию не менее 1,5 метров. Используйте медицинские маски и респираторы при выходе из дома. Соблюдайте личную гигиену, регулярно проводите дезинфекцию и проветривание места вашего пребывания. При первых признаках недомогания вызывайте врача на дом. Не занимайтесь самолечением. Своевременно начатое лечение способствует скорейшему выздоровлению. Пусть Аллах поможет вам!**

**И. НУРМАГОМЕДОВ.**
**Глава МО «Унцукульский район»**

Штабалъул данделъи: коронавирус

## Щивасул цIодорлъи хIажат буго



I4 апрелалда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас райадминистрациялда тIобитIана районалъул территориялда коронавирусалъул унти тIибитIизе тунгутIиялде буссараб хIалтIуе гIуцIараб оперативияб штабалъул данделъи. Гьенир гьоркьор лъуна карантиналъул заманалда гIадамазда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабиялъул рахъалъ суал. БетIерас бихьизабуна гьаб заманалда гIадамазе кумек гьабизе кколин, тIадчIей гьабуна гьабсагIаталда больницабазул хIалтIул бугеб кIваралда.

Данделъиялда М. ХIамзатовас лъикIаб лъун бихьизабуна райбольницаялъул хIалтIухъаби дандчIвани лъикIанин росабазул жамагIаталгун, гьениб лъазабизе кколин бертаби, магIирукъал гьарун, гIадамал данде руссинаризе рес кьоге,-ян. Гьенибго районалъул бетIерай врач ГI. МухIамадовалъ бицана районалдаги вирусалда хурхун хIалуцараб хIал бугин. Гьелъ ахIана дагьаб заманаялъ киналго цIодорго хIалтIе,-ян, рокъор рукIиналдаса лъикIаб тадбир унти тIибитIунгутIиялъе гьечIин, хасго гьедин гьабизе кколин 65 сонидаса тIаде гIумро араз ва гIолеб гIелалъ,-абун.

Районалъул Собраниялъул пред. М. Юсуповас бихьизабуна щибал бакIаздасан штабалде баянал кьезе кколин вирусалда хурхун гьабу-лелъул росабазул бутIруз, врачаз. -Гьелда гьоркьоре рачине ккела цойги бакIаздаса районалде рачIарал гIадамазул рахъалъ баянал, хасго шагьаразда рукIарал ругони, гIадамал жанир чIезариялъул режим хисизе тезе бегьуларо, гьукъизе ккола дандеруссинал ва гь ц.

ГI. НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна унтуда хурхун хIалтIулаб группа гIатIид гьабизе кколин, районалдаго обход гьабизе кколин, лъазаризе кколин жанир чIарал гIадамазул хIажалъаби, гIуцIизе кколин волонтеразул группаби, хIажатал хъизаназе гIарац бакIариялде кIвар кьезе кколин.

Ахиралда хIукму къабул гьабуна гьеб хвалилаб унти тIибитIизе биччачIого цIодорлъи букIинабиялда хурхун.

## Дагъистаналъул муфтиясухъе

Администрациялъул, районалъул депутатазул Собраниялъул, жамгIияб палатаялъул, районалъул гIадамазул ва жиндирго ра-хъалдасан ГI. НурмухIамадовас зигара бана Дагъистаналъул муфтий АхIмад-Апандида яц ПатIимат Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Гьадин хъвалеб буго гьес гьелда: «ХIурмат тIадегIанав муфтий, шайих АхIмад-Апанди! РакI-ракIалъ гьваридаб зигара бала Дуда яц ПатIимат Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьасе кIудияб рецц гьадин захIматаб заманалда Дагъистаналъул рухIияв лидерлъун гьедин гIатIидаб, кьучIаб динияб лъай бугев, гьелда гIамал-хасият рекъарав, Аллагьасукьа хIинкъулев, гIакълу камилав, ракI сахаватав Мун ккеялъе гIоло. Аллагьас Дур яц ПатIимат алжаналъул хIурулгIинлъун гьаюн ятаги, ТIадегIанас къабул гьабеги Дур дугIа, лъикIаб гIамал, ишал, халкъалъе лъикIлъиялъе Дуца гьабулебщинаб. Дур къварилъиги тIаса босулаго Унсоколо районалъул гIадамазул цIаралдасан изну кье Дуе, баркала загьир гьабизе гIадамазе щолеб бугебщинаб лъикIлъиялъухъ гIагараб районалъул, республикаялъул ва тIолабго улкаялъул бусурбабазул рахъалдасан.

**ХIурматтун «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НУРМУХIАМАДОВ**

## ЦIидасан бетIерлъун вищи баркана



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовгун дандчIвана полициялъул полковник, Россиялъул МВДялъул ВОГО ва Пялъул Унсоколо районалда вугев оперативияб группаялъул нач. Алмакаев Ильгиз Исламович ва Россиялъул МВДялъул РДялда вугев СОП ВОГалъул командир, полициялъул подполковник Беляев Вадим Борисович. Гьез ГI. НурмухIамадовасда баркана цIидасан муниципалитеталъул бетIерлъун вищи. Гьадин абулеб буго баркиялда: «РакI-ракIалъ баркула Дуда, ГI. МухIамадович, цIидасанги Унсоколо районалъул бетIерлъун вищи. Гьарула кидаго вукIине Мун битIккеялъул бетIерлъуда, битьаго къвинаризе захIмалъаби, бажарун нахъа тезе дандчIварал квекIенал, кидаго кквезе бергьенлъиялъул ва битIккеялъул курс, щибаб къойил цебетIезе дурго ва нилъер гIадамазул гIумро. РакI-ракIалъ гьарула щулияб сахлъи, къуват ва гьира, жеги ругелъул Дур гIемер рахъазулал планал, кидаго хIалтIулъ бергьенлъаби щваги, Дуе, ва Дур районалъеги. Гьарула чIара-хьараб хIал, тIегьаб ва битIккей!

ТалихIгун битIккей даимаблъун батаги Дур гIумроялъулъ!

## ЦIияв имамгун дандчIвана



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул дандчIвай букIана районалъул цIитIамурав имам М-Р. МухIамадовасулгун. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул зам. М. ХIамзатов, финансазул отделалъул нач. Ж. Шамсудиновги.

ДандчIваялда дандрана хадубккунисеб цадахъаб хIалтIул суалал, карантиналъул заманаялъ гьаризесел хIалтIаби. КIиябго рахъалъул пикро ккана бахунеб унти районалда тIибитIунгутIиялъе гIадамазда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи цадахъ рекъон гьабизе.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 15 (7416)
Хамиз
16 Апрель 2020 сон

2 гъумер

Районалъул администрациялъ щибаб росулъ гIуцIун руго кумекалъулал гIадамазул (волонтерал) къукъаби. Районалъул кумекалъулаб къукъаялъе нухмалъи гъабулеб буго районалъул гIолилазул политикаялъул отделалъул нач. А. МухIастановас. Кинавниги районалда волонтеразул къадар бахуна 300 чиясде. Гъединго нухазда гIадлу-низам чIезабиялъулъги бутIа лъолеб буго гIолилаз.



# Лъим цIуна-къан хIалтIизабизин

Шамильхъала поселок, ЦIияб Унсоколо ва Рихъуни росу лъедалъун хьезарула лъабго насосалъ, тIадеги буго резервияб насос, гьелъул гIаммаб къуват ккола 480 кб сагIтида жаниб. Ахирисеб заманалда захIмалъаби рукIана лъим чIезабиялда хурхун. БукIана гьел бакIазде лъим кьотIи, гьелъие гIилла букIана цо насос хвей. БитIахъе гьадин жибго тIибитIулеб бахунеб унти «коронавирус» тIибитIараб заманалда гьелъ лъикIаб гьечIеб ахIвал-хIал гьабулебги букIана. Гьелъул хIасилалда районалъул жилищниябгун коммуналияб магIишаталъул хъулухъалъ гIумро гьабулездехун гьарулеб буго лъим цIуна-къан хIалтIизабеян. Гьелъие рихьизарулел руго гьал хадусел къагIидаби:

I. ТIоритIуге ахакь ва бахчабазда лъалъадиялъул хIалтIаби.
2. Квартирабазда ва рукъзабахъ кьотIизаре киналго лъинал унел бакIал.
3. Рихъуни росдал ва Шамильхъалаялъул бутIруз жанисел лъинал хвезарулел бакIал къачIаялде кIвар кье.
4. Киналго автомойкабаз хIалтIи кьотIизабе.

Гьединго Унсоколо росдал гIадамазда гьарула лъалъадиялъул хIалтIаби чIезе тун лъим гIадада харж гьабичIого, цIуна-къай гьабеян; гIицIго рукъалъул хIалтIабазе хIалтIизабун заманаялъ санагIалъи гьабизе хIажаб буго лъугьун бугеб хIалалъухъги балагьун.

# ЦIуне нужго!



«Унсоколо район» МОялъул администрациялъул минаялда жаниб чанго нухалъ дезинфекция гьабула кьойида жаниб конoравирусалъул бахунеб унти тIибитIунгутIиялъул мурадалда. Гьединго районалъул нухмалъиялъ ракI-ракIалъ гьарулеб буго районалъул жамагIаталда карантиналъул режим хвезабугеян, рес бугебгIан къадаралъ нужерго гIумро гьабулел рукъзабахъги дезинфекция гьабеян.

ГьединабгоЬ тIалабчилъи букIин лъикIаблъун бихьизабулеб буго районалъул нухмалъиялъ киналго хIалтIулел бакIаздаги.

КIочонге, нужер сахлъи буго нужерго кверзукь букIин. ЦIуне нужго ва нужеего гIагаралги!

Лъай кьей

# Рихъуни школалда - дистанционниял дарсал кьей



Киса-кибего Россиялъул цогидал регионаздаго гIадин, Дагъистаналъул киналго районазул росабалъги унеб буго дистанционнияб къагIидаялда цIалдохъаби цIализари. Гьелда тIад кIвар кьолеб буго Рихъуни гьоркьохъеб М. Заргъалаевасул цIаралда бугеб школалъул администрациялъги учительзабазги.

ЦIали байбихьилалдего школалъул завуч З. МухIамадовналъ гIуцIана цIияб къагIидаялде данде кколеб расписание, малъа-хъваял гьаруна предметниказе. 6 апрелалда цIали байбихьана церего ургъарал дарсал рачунеб къагIидабиги хIалтIизарун, гьебго заманалда хIалтIизе лъугьана батIи-батIиял группаби. ЛъикIблъун рикIкIна Учу, Якласс, Дненик. Ру гIадал сайтаздасан дарсал кьезе. Умумазги цIалдохъабазги хIаракат бахъулеб буго дарсазе ритIарал жавабал кьезе, камичIого, кватIичIого рокъоре кьурал заданиял тIуразаризе.

Хасго лъималаз кIвар кьолеб буго гIурус мацIалъул, авар мацIалъул, математикаялъул хIалтIабазе. История, обществоялъул учительзабаз кIвар кьолеб буго тестирорваниялда.

Берцинго унел руго физикаялъул ва биологиялъул дарсал. ГьечIо рихъундерил учительзабазда гьоркьор кIвахIалъе бетIер къулулел, тIад кIвар кьолеб буго музыка, физкультура гIадал предметаздеги. ЦIалдохъабазухъе ритIулел руго видеороликал.

Гьеб киналъулго хIасил ккечIогоги хутIулеб гьечIо. ЦIалдохъабаз жиндир заманалда кьолел руго жавабал,бичIчIун гьечIони дарсил тема цIехолеб буго, хIатта цо-цо цIалудехун цIикIкIараб рокьи бугез учительзабазухъе ритIулел руго дарсал рицунаго рахъарал видеоялги.

Коронавирусалъ щула гьабуна гьудулълъи, лъималазул цоцадехун, цIикIкIинабуна учительзабаздехун адаб, гIемерисел умумаз чанго нухалда баркала кьолеб буго педагогазе гьезул макъу гьечIеб захIматаб хIалтIиялъухъ, бажариялъухъ ва бокьараб иш тIад къани тIубазабизе бугеб хIаракаталъухъ.

Цо-цо мехалда рекIекълъизе бачIуна гьадинаб заманалда берцинаб гьоркьоблъиги, къвакIиги, сабругиги бихьун.

Бокьилаан баркала кьезе киназулго рахъалдасан школалъул директор М. ХIасановалъе, администрациялъул хIалтIухъабазе цIияб къагIидаялда дарсал кьей пайдаяб къагIидаялда иналъе квер бакъарал, учительзабаз битIараб нух тIаса бищиялъе квер бакъарабе.

БицинчIого гIоларо цо-цо учительзабаз гьабураб хIалтIулги. Жигаралда гIуцIана кинабго хIалтIи М. МухIамадовалъистория ва обществоялъул учитель П. Лабазановалъ, педагог-психолог А. Жаватхановалъ, математикаялъул учитель З. Жамаловалъ. ЗахIматал кьоязда къвакIун хIалтIарал ХIалимал ясазе буго баркала. Коронавирусалъ цолъизарурал Лъай цIикIкIарал нужой къулула бетIер.

**ГI. ХЪАРАГИШИЕВА.**

Авар мацI - миллаталъул бечелъи

# Авар хъвай-хъагIаялъул тарих



МацI, тарих, хъвай-хъвагIай ва литература ккола щибаб халкъалъул бищунго къимат бугеб хазиналъун. Ругел баяназда рекъон аваразул хъвай-хъвагIай букIун буго Кавказалъул Албаниялъул заманалдаса нахъе.

Авар хъвай-хъвагIай жиб бижаралдаса нахъе буго батIи-батIиял графическиял къучIазда ва гIемер ккана гьелда жанир хиса-басиял. ГьабсагIаталда авар хъвай-хъвагIай буго кирилицабазда. Авар мацIалда бугеб къанил хъахIаб ракьуца бахараб Грузиялъул альфавиталда цадахъ ккараб рагIи буго «цIоб лъеги» (да помилуй) абураб. Гьеб хъвай-хъвагIаялъул памятник батана Шамиль районалъул ГIурада росулъ I923 сонална.

Гьединго авар хъвай-хъвагIаялъул памятникаллъун рикIкIуна Грузиялъулгун аваразул архивазда рекъон крестазда ва плитабазда лъабго билингвабилъун. Гьел ратана Хунзахъ районалда. Гьарун руго грузиязул мацIалда. Гьезул цояб тIатинабуна академик А. С. Чикобаваца I940 соналда, цойгияб Хунзахъ росулъ батаралда гьоркь хъван буго Т. Е. Гудава,-абун. Лъабабилеб ГьоцIалъ росулъ батараб цIалана МикагIиловас. Гьел хъвай-хъвагIаял гьоркьоре кколел руго XII-XIV гIасрабазда.

Дагъистаналде ислам бачIун хадуб гьелдаго цадахъ хъвай-хъвагIаялъулъе лъугьана гIараб хъвай-хъвагIай. Гьедин XIII-XIVгIасрабазул Гъуниб районалъул Къорода росулъ батараб авар хъвай-хъвагIаялъул некIсиял памятниказда рекъон гIараб графическияб къучI буго.

XVI гIасруялда унго-унголъунги тIибитIизе лъугьана авар хъвай-хъвагIай. Нилъер заманалде щвезегIан цIунун хутIун руго XVI-XIX гIасрабазул авар хъвай-хъвагIаял.

XVII гIасруялда авар хъвай-хъвагIаял гIемерго гIатIидго гIараб рагIаби хIалтIизарурал руго, доб заманаялъул глоссария, бугел, гьел гьарун рукIана ЩагIбаница, Г1ободаса ИсмагIилил васас, гьединго Къудукъа Мусаласул МухIамадил художественнияб произведениялъул образалда рекъонги.

XVII гIасруялъул ахиралда Хунзахъа гIараб альфавит рекъезабурав Дибир-Кьадияс фонетикияб рахъалъ хаслъабиги хIисабалде росун гьабун буго гьеб.

Гьеб альфавиталъе цIар щвана «гIажам» абун. Амма гьелъул рукIана гIемерал гIоларел рахъал, гьединлъидал гIемер хIалбихьана гьеб къокъ гьабизе. Гьедин XIX гIасруялда имам Шамилица предложениеги кьун комиссиялъ Ъ знак гьоркьобе босана Лъ лъугьиналъе. I884 соналда Стамбулалда кьватIибе бачIана тIоцебесеб авар мацIалда бахъараб тIехь, гьениб хIалтIизабун букIана гIараб шрифт. Хадур тIахьал къабизе лъугьана Дагъистаналда, авар мацIалда тIахьал рахъулаан Темир-Хан-Шураялда.

**Материал хъвана рагьарал источниказда рекъон**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 15 (7416)
Хамиз
16 Апрель 2020 сон



### Приостановлены ревизионно – проверочные работы в Унцукульском районе

На территории Унцукульского района все ревизионные проверочные работы приостановлены до особого распоряжения согласно Указы главы Республики Дагестан от 31 марта 2020 года № 23 О внесении изменений в Указ Главы Республики Дагестан от 18 марта 2020 г. № 17 «О введении режима повышенной готовности»
Об этом в МБУ «ЕИС» сообщил председатель контрольной счетной палаты Унцукульского района Амир Насрудинов.



# Руководителям предприятий и организаций торговли

Руководителей предприятий и организаций торговли, на которые не распространяется действие Указа Президента Российской Федерации от 2 апреля 2020 г. №239, информацию об обязанности обеспечения соблюдения всех требований и рекомендаций по предотвращению распространения новой коронавирусной инфекции (2019-nCoV), объязать
- обеспечить всех работников необходимыми средствами личной гигиены, средствами индивидуальной защиты (маски, респираторы);
- обеспечить (при возможности) безопасного расстояния между работниками (не менее1,5метров);
- проводить не менее 1 раза в сутки качественной уборки с проведением дезинфекции часто используемых предметов и мест общего пользования;
- обеспечить измерения температуры тела работников на рабочих местах;
- обязательно отстранить от нахождения на рабочем месте лиц с повышенной температурой;
- не допускать к работе сотрудников с признаками респираторного заболевания.

**Агенство по предпринимательству и инвестициям РД**
За дополнительной информацией обращаться:
e-mail: investrd@e-dag.ru.

# Глава района опять провел заседание штаба



Сегодня, 16 апреля, в администрации МО «Унцукульский район» состоялось заседание оперативного штаба для организация мероприятий по недопущению распространения на территории Унцукульского района новой коронавирусной инфекции.
На повестке дня обсуждались такие вопросы, как эпидемиологическая обстановка в районе во время карантина, ведение разъяснительных работ в поселениях, принятие необходимых мер по недопущению распространения коронавирусной инфекции.
В своем выступлении начальник отдела ФСБ по Унцукульскому району Зураб Тагиров обратил внимание на необходимость серьезного отношения людей к карантину, соблюдение ими установленных правил, на подключение к разъяснительной работе гражданами глав поселений, имамов, медработников, участковых.
Заместитель главврача Унцукульского района А. Магомедова известила собравшихся о соблюдении карантинных мер и ведении ежедневных отчетов в селах района.
В связи с угрозой распространения новой коронавирусной инфекции на территориях сельских поселений «сельсовет Майданский» и «сельсовет Балаханский» Унцукульского района Республики Дагестан было принято постановление:
а) Ввести ограничительные мероприятия (карантин) на территориях сельских поселений «сельсовет Майданский» и «сельсовет Балаханский» Унцукульского района Республики Дагестан;
б) Ввести запрет населению указанных поселений на въезд и выезд из сел, посещение общественных мест и мест массового скопления людей на период с 16 апреля по 30 апреля 2020 года (14 дней), кроме владельцев магазинов, выезжающих за продуктами питания и первой необходимости, кормом для скота и медикаментами;
в) Главам поселений Майданское и Балахани (Нурмагомедову А.М. и Нурмагомедову У.М.) для изготовления специальных пропусков представить списки владельцев магазинов и лиц, указанных в п.2 настоящего положения;
г) Всем главам поселений муниципального района:
- установить посты на въездах и выездах в каждое село силами волонтеров и народных дружин с целью запрета покидать места проживания без острой необходимости;
- совместно с имамами сел района провести мероприятия по дезинфекции мечетей до и после предстоящего пятничного намаза;
- постоянно проводить разъяснительную работу среди населения о необходимости соблюдения режима самоизоляции и его временном характере (до улучшения обстановки);
д) Имаму Унцукульского района (Магомедову М.А.) до 17 апреля представить списки минимального количества людей (40 человек), которые будут делать пятничный намаз в каждой мечети сел района, для сопоставления их со списками граждан, находящихся на изоляции по требованию медицинских работников;
е) Контроль исполнения настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации муниципального района М.А. Гамзатова.

# МВД по РД информирует




**Уважаемые граждане!**
В связи с возникшей опасностью заражения коронавирусной инфекцией и введением в Республике режима повышенной готовности, МВД по Республике Дагестан призывает граждан проявлять сознательность, соблюдать режим самоизоляции и другие установленные ограничения. Старайтесь не покидать жилище без крайней необходимости, отказаться от невынужденных поездок, по возможности свести к минимуму круг общения.
В случае несоблюдения ограничительных мер нарушители могут понести административную ответственность в соответствии со статьей 20.6.1 КоАП РФ, вступившем в силу 1 апреля 2020 года (Невыполнение правил поведения при чрезвычайной ситуации или угрозе ее возникновения).
Невыполнение правил поведения при введении режима повышенной готовности, влечет предупреждение или наложение административного штрафа на граждан от одной тысячи до тридцати тысяч рублей; на должностных лиц – от десяти до пятидесяти тысяч рублей; на лиц, осуществляющих предпринимательскую деятельность без образования юридического лица, - от тридцати до пятидесяти тысяч рублей и на юридических лиц – от ста до трехсот тысяч рублей.
Помните: успешно противодействовать распространению коронавирусной инфекции можно только при ответственном отношении каждого гражданина! Благодарим всех, кто относится с пониманием к сложившимся обстоятельствам и неукоснительно соблюдает введённые ограничительные меры, а также рекомендации медиков.

# Около сорока видов госуслуг можно получить, не выходя из дома




В целях информирования населения о предоставляемых госуслугах Минкомсвязь Дагестана предоставил перечень государственных услуг и сервисов для граждан и юридических лиц, которые можно получить в электронном виде.
Список из 38 услуг и сервисов доступен на портале «Мой Дагестан». Результаты этих услуг можно получить непосредственно в личном кабинете сайта государственных услуг (ЕПГУ), не посещая органы власти и учреждения.
По всем остальным услугам посетить ведомство все же придется, так как их оказание предусматривает личное присутствие заявителя. К сведению, список госуслуг, требующих присутствия заявителя, также опубликован на сайте «Мой Дагестан».
Важно знать! Прежде чем планировать посещение того или иного ведомства необходимо уточнить, ведется ли там прием в связи со сложившейся ситуацией с коронавирусной инфекцией.

Список государственных услуг в электронном виде можно также найти на сайте uncukul.ru

# Поэзиялъул букIон

(РагIи - рихьундерил пероцоязе)

## ГIумрудул тIабигIат

Дун гьудулзабазул гьоболлъухъ йиго,
Гьуинаб харбида гьасдахъ гIодой чIун,
Хьагиниб гьан буго, корохъ чед буго
КочIол цо-цо бакьан биччалеб буго.
ТIину ккун гIумродул къучIбиги кIутIун
КъватIиб балеб буго цебесеб гIумро,
Цо-цо Аллагьасул къадар щваралги
Къваридго ракIалде руго рачIунел.

Нижеца бицунеб харбихъ гIин тIамун
ГIолохъанлъи буго доба эхетун,
БукIанадай гьозул гьодинаб заман
Зодил гьумералхIа ракIалда гьечIин.
РекIкI дица гьабундай, гьал лъикIал чагIи
ГIазул мугIрул гIадин хьахIлъулел ругел?
Яги дуналалъул хьублъи бихьундай
Пакъирзаби гIадин херлъулел ругел?
Гьаниб гIайиб гьечIо, гIолохъанлъи дур
ГIумрудул тIабигIат гьадинаб буго,
Цин тIегьан бачIуneb, цинги бечIалеб
Хадуб гIазуги бан бакъван тIагIунеб.

## Дуналалъе лъугьараб щиб?

Вабабай, ле, вададай
Дуналалъе лъвараб щиб,
Дир гIакъло биххун бугин
ГIаламалъухъ балагьун.
Бегьулареб жо гьечIо
Гьанже щибго гьабизе,
Гьородай биччан буго
Ничги, намусги, яхIги.

Хазина гIемерасда
ГIайиб кколебго гьечIо,
ГIаданлъиялда чIарал
ЧIаралъур хутIун руго.
ГIакълу, лъай къваригIунеб
КъагIида лъугIун буго,
Гьунар, махщел цIехолел
Махлукъат тIагIун буго.

ГIаммаб магIишат тIутIун
Жиде-жидерго гIуцIун,
Жинде-жинде цIалаго
ЦIаха тIутIулеб буго.
Гьанже лъикI,-ан чармил вас
Чанго къоялъ вахъине,
Чудказ гIадин тIутIулеб
ВатIаналда бер чIвазе.

## ЗахIматго букIина

Дир расал хъахIлъана, дур ургьалица
Даимго дур нухда хал ккун йикIиналъ,
Берзул нурги свана, сабру тIагIиндал
Сабаб гIодиялъулъ дидаго батун.
Дуеги бигьаго букIинчIо гIумро

ГIезегIан гьелана яшав гьабизе,
Щиб жо лъималазе, щиб жо лъадуе
ЛъачIого паркъана дурги замана.
Гьанже вокзалалъул перонаялда
Поезд бачIинегIан лъалхъун руго нилъ,
Лъаларо белтида хъван гьечIо заман
ЗахIматго букIина гьоркь хутIаразе.

Суайбат ХIАМЗАТОВА

## БитI ккаги!

Район цебе тIезе квер бакъе, ГIиса,
Кумек къваригIарал гIемерал ругин,
ГIадамал рохизе лъикIлъаби гьаре
Пулан-пакъирав чи чанги ратулин.
ЗахIматаб бачIана нилъехъе заман
Баччизе цIакъ бакIаб, кIочене гьечIеб,
КIваричIо! кинабго битIун ккезейин,
Камилаб хIалтIуе, дур махщел бугеб.
Дуда божараб халкъ цебехун ине

Нух битIараб малъе, божилъи гьабе.
Бажари бугезе бергьенлъи щолин
Щулияб къасдазда байбихье къоял!
КучIдул хъвазе махщел гьечIонаниги
ГьитIинаб хъвай-хъвагIай гIуцIулеб буго,
Ва дуда кIудияб хъулухъ баркизе
Мухъал хиялазда цIехолей йиго.
Кьеги дуе сахлъи, халатаб гIумро
Ургъел гьечIеб рохел гIемераб щваги,
Щибаб къо къалъизе бакъул чIораца
БачIаги дуй канлъи, роцIаги дуй зоб!

## Огь, коронавирус!

Риха-хочиялда, рекериялда
Кинаб цIардай телеб, дир гьудулзаби?
БукIаниги щибан коронавирус
Классруказул группа гIуцIичебани.
Точка-руязулги, сабачкабазулги

Сордо рогьинегIан ургъел гьабуна.
Электронпочтаялъ тамахги гьаюн
Бахун гIодоб ккечIо дир давление.
Бищунго недегьал рагIаби сокIкIун
Родительзабазда цее кIалъана,

БицинчIого течIо интернеталъул
Росана мисалал вирус ккеялъул.
Дир тIадагьаб ручка, дир хъахIаб тIамач,
ХьахIилаб щакъиялъ хъвазин цо мурад
Аллагь, тоге рехун, долго дарсазде
Руссине сахлъи кье, россияназе!

ГIайшат ХЪАРАГИШИЕВА

## Цадахъаб хIалтIуе, дуй нух битIаги!

(Муи ХIасановалъе сайгъат гьабула)

Муи ХIасанова ячIаралдаса
Хасият хисана цIалдохъабазул,
Дагъаб заман гуреб инчIонаниги
ЦебетIей цIикIкIана дир школалда.
Нухмалъулеб заман дагь бугонаги
Тарбиялъул дарсал гIадилал кьуна,
ГIадлуги рекъарай, гIамал берцинай,
Дур хIалтIул хIасилал жеги рукIина.
Рихьуни школалъе кьимат кьолезул
Къокъаби гьабсагIат гIемерал руго,
ЛъикIаб рахъ цIикIанин коллективалда,
Муи ХIасановна ячIаралдаса.
Кьойил кьимат кьолеб захIматаб хIалтIи

Гьединан бачине, дуй тавфикъ кьейги,
Росуго чIухIараб школа гIуцIизе
Камилаб гIакълуги иманги кьейги.
Мун гIадай директор жеги ячIинчIо
ХIалтIуе ракI кьолей, жигар цIикIкIарай,
ХIалтIи цебетIуна ва хIалтIулезул
Цоцалъ гьуинлъиги бачIинабуна.
ГIамалгун бажари цадахъ рекъарай
Берцинаб гьурмада гьими камичIей,
ЛъикIазул кьеразулъ школа чIезе
Цадахъаб хIалтIуе, дуй нух битIаги!

Зарипат ЛАБАЗАНОВА

## ГIабдулжафаров МухIамадгIали ГIабдулжафарович



Дагьал церегIан къоязда нилъедаса ватIалъана ракI лъикIав инсан, хIалтIул ветеран МухIамадгIали ГIабдулжафаров. Гьев гьавуна I942 соналъул 7 марталда Унсоколо районалъул Унсоколо росулъ гIадатияв векьарухъанасул хъизамалда.

МухIамадгIалил эмен вукIана гIараб, гIурус мацIал лъалев, гьел мацIазул кIудияб библиотека бугев чи. Инсул гIадаб лъаялде цIайи, рокьи, бугеб, щибго лъан гурони гIодобе биччалареб гIамал букIиналъ гьитIинго руґьунлъана гьев тIахьазул коллекция гьабизе, лъай бажари цIикIкIинабиялда тIад хIалтIизе. ГьитIинго росдал гIалимазухъе хьвадана гIараб мацI ва ислам лъазабизе. Школа лъугIун хадув цIализе ана Москвалъул худ. училищеялде, хадув лъугьана Дагъистаналъул Пачалихъияб университеталъул англиялъул мацIазул отделениялде. Лъабго соналъ хъулухъ гьабуна Германиялда.

Гьеб киналдасаго хадуб М-ГI. ГIабдулжафаров тIад вуссана гIагараб росулъе, Унсоколо школалда хIалтIана англиялъул мацI малълев учительлъун, I97I соналда тIамуна гьеб школалъул директорасул замлъун, I972 соналда гьавуна директорлъунги.I977 соналда тIамуна районалъул лъай кьеялъул отделалъул начальниклъун. I978 соналда абуни витIун вукIана Бангладешалде переводчиклъун, гьениса тIад вуссун хадув I98I соналдаса нахъе хIалтIана районалъул къасисеб школалъул директорлъун.

I982-I986 соназда хIалтIана КПССалъул райкомалда, I986 соналдайин абуни тIамуна «Унсоколо» совхозалъул директорлъун. Гьел хIалтIабазда цадахъго лъугIизабуна Дагъистаналъзул росдал магIишаталъул институт. Совхозалъул директорлъун хIалтIулаго гIемераб хIалтIи гьабуна магIишат цебетIеялъе; Кизилюрт районалда балагьана гIи-боцIи хьихьиялъе гIалах, ГIинтIибе бахьана машинадул нух, боцIи хьихьулеб комплекс бана, гьенибе бачана лъим.

Кив хIалтIаниги М-ГI. ГIабдулжафаров вукIана иш лъалев, гьеб бажарулев, гIамал гьитIинав, инсан вичIчIулев нухмалъулев.

Районалъул лъай кьеялъул отделалъ ва «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго **МухIамадгIали** халат бахъараб унтиялдаса хадув Аллагьасул къадаралде щвеялда бан, гьесул лъималазда ва тIолабго гIагарлъиялда.

Аллагьас гьесие алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе сабруги кьеги!


| | | | |
|---|---|---|---|
| **Газета основана 1937 г.** УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района. Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | **Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД.** Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г. Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | **Адрес редакции:** 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940 | Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21. Подписано в печать - 15.04.20 г. 14:25 фактически -18:20 мин. Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках. Тираж - 1000 экз. |